



Konsèy enpòtan pouw pale ak doktèw

Toujou di doktèw:

- (?) Kisa ki mennew nan lopital la
- (💊) Ki kalite medikaman ke wap pwan
- (✳️) Kelke enfomasyon konsènan santew
- (💲) Si pri lap koute a se yon pwoblèm epi kisa asirans ou ap kouvri

Jwenn enfòmasyon ke wap bezwen yo:

- (❓) Poze kesyon
- (📝) Pwan not
- (👤) Mennen yon moun avev

Asirew kew konprann:

- Infòmasyon tankou kijan pouw pwan medikaman yo ak kijan pouw netwaye ak panse yon blese
- Kisaw gen pouw fè aprè tankou fè yon radiografi

Di doktèw ak famasis ou ki kalite medikaman ke wap pwan, avèk tout preskripsyonw genyen yo, ak tout medikaman kew achte nan famasi san preskripsiyo tankou siwo, konprime akk vitamin. Pote medikaman yo avek ou oubyen itilize "Say Ah!'s" fòmilè ki nan lòt paj la. Siw fè lis paw, fòw pa blyie mete eleman sa yo:

- Ki kalite konprime wap pwan tankou aspirin, tilenòl, elatriye
- Ki kantite epi ki dozaj tankou ki kantite w pwan pa jou epi konbyen milligram li ye
- Konbyen fwaw pwanl' pa jou
- A kilè epi kòmanw bwèl' (san manje oubyen ak manje)
- Poukisaw pwan medikaman sa yo (èske se pou tèt fè mal oubyen lòt rezon)





Medikaman

Doktèw oubyen famasis ou dwe konnen ki medikaman wap pwan. Itilize fòm saa epi potel avèw pouw ka montre yo. P bliye pouw mete tout medikaman wap pwan yo nan lis la.

Non pasyan an

Dat Jodi a

Ki medikaman map pwan	ki kantite	Ki dozaj	Konbyen fwa pa jou	Kilè e kòman	Pouki rezon
Aspirina	yon konprime	325 mg	yon fwa pa jou	8 è dí maten ak manje	Tèt fèmal



Say Ah! is a 501(c)(3) non-profit organization.
Copyright 2011 Say Ah!™